

Chè fanmi,

Nou espere ke oumenm ak pitit ou an amize nou nan ane lekòl la pou pwogram debitan w lan!

Lè w li awotvwa avèk pitit ou an, ou kreye yon koneksyon espesyal ak souvni ki dire pandan tout lavi. Ou ede tou nan bati imajinasyon timoun ak enfòmè sou mond ki antoure yo epi entwodui mo nouvo.

Anplis nan li ansanm, genyen anpil bagay ou ka fè nan ede pitit ou a kontinye aprann andeyò lekòl. Ale nan bibliyotèk lokal se yon bon fason pou ankouraje lekti ak aprantisaj pandan tout ane an. Bibliyotèk la kapab bay liv gratis, resous kominotè, pwogram enteresan, ak kont. Nan planifye yon vizit pou fanmi nan bibliyotèk la, ou konstui yon lanmou avi pou lekti ansanm. Ou ka ale sou entènèt pou jwenn bibliyotèk ki pi prè ou, oswa mande yon manm estaf la pou pwogram debitan w la.

Nou swete fanmi w yon ane lajwa, aktivite ak aprantisaj!

Josh Wallack  
Chanselye adjwen  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Eva Shapiro  
Administratè Early Childhood Education  
*New York Public Library*

Rachel Payne  
Kowòdonatè Sèvis Edikasyon pou Debitan  
Brooklyn Public Library

Gillian Miller  
Kowòdonatè Sèvis Aprantisaj Bonè  
Queens Public Library



New York  
Public  
Library



QUEENS  
PUBLIC  
LIBRARY